

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1. Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan sipatna kualitatif, lantaran nyawang yén kanyataan di lapangan bisa muncul rupaning hal jeung meredih sawangan dumasar kana pangalaman sosial (Sukmadinata, N.S., 2005:94). Maksudna ieu panalungtikan mekar dumasar data di lapangan anu bakal ngabeungharan kana hasil panalungtikan.

Moleong (2014: 6) ngajéntrékeun yén panalungtikan kualitatif téh nyaéta:

Penelitian yang bermaksud untuk memahami fenomena tentang apa yang dialami oleh subjek penelitian misalnya perilaku, persepsi, motivasi, tindakan, dll., secara holistik, dan dengan cara deskripsi dalam bentuk kata-kata dan bahasa, pada suatu konteks khusus yang alamiah dan dengan memanfaatkan berbagai metode alamiah.

Jadi panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu didadasaran ku kasang tukang alamiah atawa dina kontéks hiji beungkeutan nu gembleng (*entity*). Lincoln & Gaba (dina Moleong, 2014:8).


Karakteristik panalungtikan kualitatif di antarana miboga kasang tukang ilmiah nu ngagunakeun manusa salaku *kéy instrumént*, dilakukeun ngaliwatan métodeu kualitatif anu satuluyna data dianalisis sacara induktif. Salian ti éta, karakteristik panalungtikan kualitatif nurutkeun Merriam (1998:6) nyaéta mikapaham fénoména tina pérspektif partisipan, panalungtik jadi instrumén utama dina ngumpulkeun jeung nganalisis data, umumna ngalibetkeun gawé lapangan, stratégina nyaéta induktif sarta hasilna beunghar ku déskripsi.

Patali jeung panalungtikan kualitatif, ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu déskriptif. Ieu métodeu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kumaha kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran dongéng di SMP “*Piloting Projéct*” Kurikulum 2013 Kota Cimahi taun 2015-2016. Alesanna milih métodeu déskriptif, lantaran ieu métodeu bisa ngagambarkeun kaayaan anu sabenerna tina naon anu nyampak di lapangan. Hal

ieu luyu jeung pamanggih Sukmadinata (2008:54) nu nétélakeun yén panalungtikan déskriptif nyaéta hiji métodeu panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngagambarkeun fénoména-fénoméma nu aya, nu lumangsung dina danget ieu jeung mangsa katukang. Karakteristik ieu panalungtikan déskriptif dikuatan ku pamanggih Surakhmad (1994:139) nu nétélakeun yén karakter panalungtikan deskriptif téh di antarana nyaéta nyaritakeun sarta nafsirkeun data anu aya ngeunaan hiji hal anu lumangsung, kaasup anu méngpar, kaseringan anu muncul sarta bisa jadi aya hiji hal anu pagedrug. Tujuan tina métodeu déskripsi nyaéta pikeun mikapaham naon anu dimaksud ngeunaan hiji jalma atawa hiji hal.

Léngkah-léngkah panalungtikan déskriptif, nyaéta: 1) ngaformulasikeun masalah, 2) nangtukeun patalékan atawa tujuan, 3) milih sampel jeung ngukur anu luyu, sarta 4) ngumpulkeun jeung nganalisis data. Ieu hal luyu jeung pamanggih Gall, Spk (2003:291)

Sangkan leuwih jéntré, titénan bagan ieu di handap.



3.2. Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh guru Basa Sunda anu ngajar di kelas VII SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 di Kota Cimahi anu jumlahna aya lima urang.

Alesanna milih sumber data di SMP *Piloting Project* Kota Cimahi, lantaran:

- 1) Lokasina aya di wilayah pakasaban panalungtik, jadi gampang aksés kana perijinan.
- 2) Di Kota Cimahi aya sababaraha sakola nu ditunjuk jadi sakola conto pikeun ngalaksanakeun Kurikulum 2013 nyaéta, SMP Negeri 1 Cimahi, SMP Negeri 3 Cimahi, SMP Negeri 5 Cimahi, SMP Negeri 8 Cimahi, jeung SMP BPK Penabur Cimahi.

Subjék panalungtikanana nyaéta guru basa Sunda nu aya di éta sakola.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi dokuméntasi jeung obsérvasi.

Nurutkeun Satori jeung Komariah (2009:149), studi dokuméntasi nyaéta ngumpulkeun dokumén jeung data-data nu diperlukeun dina masalah panalungtikan tuluy dimutalaah sacara gemet nepi ka bisa ngarojong jeung nambah kapercayaan dina ngabuktikeun hiji kajadian.

Dina ieu panalungtikan, studi dokuméntasi dipaké pikeun nalungtik kamampuh guru dina nyieun rarancang pangajaran atawa RPP. RPP anu dijieu ku guru, ditalungtik luyu henteuna jeung sistematika anu aya dina Permendikbud No. 103 Taun 2014.

Syaodih (dina Satori jeung Komariah, 2009:105) ngajéntrékeun yén *obsérvasi* téh nyaéta téhnik atawa cara ngumpulkeun data ku cara niténan kagiatan anu keur lumangsung.

Kagiatan *obsérvasi* dina ieu panalungtikan diperlukeun pikeun nalungtik kamampuh guru dina ngalaksanakeun prosés pangajaran luyu jeung standar prosés anu diperedih dina Permendikbud No. 103 Taun 2014 jeung ngalaksanakeun

meunteun, luyu jeung Permendikbud No. 104 Taun 2014, Permendikbud No 53 Taun 2015 sarta *Pedoman Penilaian*.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Dina panalungtikan kualitatif, sakabéh téhnik panalungtikan anu digunakeun, instruménna sarua nyaéta panalungtikna sorangan (Satori jeung Komariah 2009:76). Hartina, panalungtik terjun langsung ka lapangan pikeun ngumpulkeun sajumlah informasi anu dibutuhkeun kalayan leuwih ti heula ngapimilik sababaraha palanggeran nu dijadikeun alat bantu pikeun ngumpulkeun data. Palanggeran kasebut dimekarkeun tina katégori/sub katégori nu rék ditéangan datana di lapangan (Satori jeung Komariah 2009:90) . Nu dijadikeun instrumén dina ngumpulkeun data kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun jeung meunteun hasil diajar matéri dongeng di SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 di Kota Cimahi, nyaéta instrumén anu meunang ngaropéa tina *Instrumén Pendampingan Implementasi Kurikulum 2013* nu kaunggel dina *Modul Panduan TPK Provinsi Jawa Barat* jeung *Instrumén Supervisi Penilaian* anu kaunggel dina *Panduan Supervisi Akademik*. Ieu hal dumasar kana alesan yén instrumén instrumén kasebut indikatorna nyumponan pikeun mikaweruh kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun, jeung meunteun pangajaran.

Pedaran leuwih lengkapna ngeunaan éta hal bisa katitén ieu di handap.

3.4.1 Instrumén & Rubrik Panalungtikan Pikeun Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngararancang Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Pikeun mikaweruh kamampuh guru dina ngararancang pangajaran matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013, digunakeun téhnik studi dokuméntér, anu prak-prakanna nalaah kalayan gemet rarancang prosés pangajaran anu dijieu ku guru basa Sunda di SMP *Piloting Project* Kurikulum 2013 di Kota Cimahi dina taun 2015-2016.

3.4.1.1 Instrumén Panalungtikan Pikeun Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngararancang Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Dumasar kana *Instrumén Pendampingan Implemétasi Kurikulum 2013*, tugas utama guru dina ngararancang pangajaran aya 7 aspék jeung 25 indikator kinerja guru , anu péréléanna bisa katitén dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.1
Instrumén Kamampuh Guru dina Ngararancang Pangajaran**

| No | Komponén Rarancang Ngalaksanakeun Pangajaran |
|----|---|
| A | Idéntitas Mata Pelajaran |
| 1. | Nuliskeun : satuan pendidikan, kelas, semester, mata pelajaran/ tema/topik , jumlah pertemuan |
| B. | Ngarumuskeun Indikator |
| 1. | Luyu jeung kompeténsi dasar |
| 2. | Ngagunakeun <i>kata kerja operasional</i> luyu jeung kompeténsi nu rék diukur |
| 3. | Rumusan luyu jeung aspék pangaweruh |
| 4. | Rumusan luyu jeung aspék kaparigelan |
| C. | Milih Matéri Pangajaran |
| 1. | Luyu jeung kompeténsi dasar /tujuan pangajaran |
| 2. | Luyu jeung karakteristik peserta didik. |
| 3. | Runtuyan matéri ajar |
| D | Milih Sumber diajar |
| 1. | Luyu jeung kompeténsi dasar /tujuan pangajaran |
| 2. | Luyu jeung matéri pangajaran |
| 3. | Luyu jeung pamarekan saintifik |
| 4. | Luyu jeung karakteristik peserta didik |
| E | Milih Média Pangajaran |

| No | Komponén Rarancang Ngalaksanakeun Pangajaran |
|----------|--|
| 1 | Luyu jeung kompeténsi dasar/ tujuan pangajaran |
| 2. | Luyu jeung matéri pangajaran |
| 3 | Luyu jeung kagiatan pamarekan saintifik |
| 4. | Luyu jeung karakteristik peserta didik |
| F | Skénario Pangajaran |
| 1. | Ngunggelkeun kagiatan bubuka, inti jeung panutup kalawan jelas |
| 2. | Luyu jeung kagiatan saintifik |
| 3. | Luyu jeung runtusan matéri |
| 4. | Alokasi waktu luyu jeung wengkuan matéri |

3.4.1.2 Rubrik Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngararancang Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Rubrik kamampuh guru dina ngararancang pangajaran matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013, bisa katitén tina tabél-tabél ieu di handap.

Tabél 3.2
Rubrik Kamampuh Guru dina Nuliskeun Idéntitas Mata Pelajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|--|
| Nuliskeun satuan pendidikan, mata pelajaran, kelas/semester, alokasi waktu | Nuliskeun ngaran sakola, mata pelajaran, kelas/semester, alokasi waktu (jumlah jam & jumlah pertemuan) |

Tabéł 3.3
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngarumuskeun Indikator

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|--|
| a. Indikator pangajaran dirumuskeun luyu jeung kompeténsi dasar | a. Indikator pangajaran dirumuskeun jeung dimekarkeun dumasar kana KI/KD anu rék dihontal |
| b. Indikator pangajaran dirumuskeun ngagunakeun <i>kata kerja operasional</i> luyu jeung kompeténsi nu rék diukur | b. Indikator pangajaran dina RPP dirumuskeun ngagunakeun <i>kata kerja operasional</i> nu jelas (henteu nimbulkeun harti ganda), bisa dilakukeun ku peserta didik jeung ka ukur (hasil peserta didik bisa dipeunteun boh lisan, tinulis boh hasil gawena). |
| c. Indikator pangajaran dirumuskeun luyu jeung aspék pangaweruh | c. Indikator pangajaran dina RPP dirumuskeun pikeun ngahontal aspék pangaweruh |
| d. Indikator pangajaran dirumuskeun luyu jeung aspék pangaweruh | d. Indikator pangajaran dina RPP dirumuskeun pikeun ngahontal aspék pangaweruh |

. Tabéł 3.4
Rubrik Kamampuh Guru dina Milih Matéri Pangajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|--|
| a. Matéri pangajaran dipilih luyu jeung kompeténsi dasar/tujuan pangajaran | a. Matéri pangajaran dipilih bisa dipaké pikeun ngahontal kompeténsi dasar/tujuan pangajaran |
| b. Matéri pangajaran dipilih merhatikeun potensi peserta didik (kaasup peserta didik anu gancang jeung elat, motivasi luhur jeung handap). | b. Matéri pangajaran dipilih kalayan merhatikeun potensi peserta didik (kaasup peserta didik anu gancang jeung elat, motivasi luhur jeung handap). |

| | |
|-------------------------|--|
| c. Runtuyan matéri ajar | d. Matéri pangajaran anu dipilih disusun ti nu basajan ka nu kompléks, ti nu babari ka nu hésé jeung/atawa ti nu kongkrit ka nu abstrak luyu jeung indikator pangajaran. |
|-------------------------|--|

. Tabél 3.5
Rubrik Kamampuh Guru dina Milih Sumber Diajar

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|--|
| a. Sumber diajar anu dipilih luyu jeung kompeténsi dasar/tujuan pangajaran | a. Sumber diajar anu dipilih bisa dipaké pikeun ngahontal kompeténsi nu dipiharep (misalna buku, modul pikeun kompeténsi kognitif; media audio visual, Komputer pikeun kompeténsi keterampilan). |
| b. Sumber diajar anu dipilih luyu jeung matéri pangajaran | b. Sumber diajar kaasup TIK nu dipilih bisa ngagampilkeun peserta didik pikeun mikapaham matéri. |
| c. Sumber diajar anu dipilih luyu jeung pamarekan saintifik | c. Sumber diajar anu dipilih bisa dipaké dina prosés pangajaran, luyu jeung pamarekan saintifik anu ngawengku kagitan: niténan, nanya, nalar, ngumpulkeun informasi, jeung ngomunikasikeun |
| d. Sumber diajar nu dipilih luyu jeung karakter peserta didik. | d. Sumber diajar nu dipilih luyu jeung kamekaran kognitif, afektif, jeung psikomotor peserta didik. |

. Tabél 3.6
Rubrik Kamampuh Guru dina Milih Média Pangajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|---|
| a. Média pangajaran anu dipilih luyu jeung kompeténsi dasar/tujuan pangajaran | a. Média pangajaran anu dipilih bisa dipaké pikeun ngahontal kompeténsi nu dipiharep (misalna buku, modul pikeun kompeténsi kognitif; media |

| | |
|---|--|
| | audio visual, komputer pikeun kompetensi keterampilan). |
| b. Média pangajaran anu dipilih luyu jeung matéri pangajaran | b. Média pangajaran kaasup TIK nu dipilih bisa ngagampilkeun peserta didik pikeun mikapaham matéri. |
| c. Média pangajaran anu dipilih luyu jeung pamarekan saintifik | c. Média pangajaran anu dipilih bisa dipaké dina prosés pangajaran, luyu jeung pamarekan saintifik anu ngawengku kagiatan: niténan, nanya, nalar, ngumpulkeun informasi, jeung ngomunikasikeun |
| d. Média pangajaran nu dipilih luyu jeung karakter peserta didik. | d. Média pangajaran nu dipilih luyu jeung kamekaran kognitif, aféktif, jeung psikomotor peserta didik. |

Tabél 3.7
Rubrik Kamampuh Guru dina Nyusun Skénario Pangajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|--|
| a. Ngunggelkeun kagiatan bubuka, inti jeung panutup kalawan jelas | a. Skénario pangajaran disusun kalayan nuliskeun runtuyan kagiatan ti mimiti kagiatan bubuka, kagiatan inti jeung kagiatan panutup kalawan jelas |
| b. Luyu jeung kagiatan saintifik | b. Dina kagiatan inti, léngkah-léngkah pangajaranna luyu jeung léngkah-léngkah pamarekan saintifik anu ngawengku: kagiatan niténan, nanya, nalar, ngumpulkeun informasi, jeung ngomunikasikeun |
| c. Luyu jeung runtuyan matéri | c. Skénario pangajaran anu disusun luyu jeung runtuyan matéri sarta ngagampilkeun peserta didik pikeun mikapaham pangajaran |
| d. Alokasi waktu luyu jeung wengkuan matéri | d. Unggal tahapan pangajaran, dialokasikeun waktu sacara proporsional kalayan merhatikeun tingkat kompleksitas matéri jeung/atawa pangabutuh diajar peserta didik. |

3.4.2 Instrumén jeung Rubrik Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Prosés Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Pikeun mikaweruh kamampuh guru dina ngalaksanakeun prosés pangajaran matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013, digunakeun téhnik obsérvasi. Obsérvasi dilaksanakeun ku cara datang langsung ka lokasi objék panalungtikan, niténan jeung ngumpulkeun data langsung ka kelas. Ieu obsérvasi tujuanana pikeun niténan kumaha cara guru basa Sunda ngalaksanakeun prosés diajar ngajar di kelas jeung ngalaksanakeun meunteun dumasar kana konsépkonsép Kurikulum 2013. Dina ieu panalungtikan, ngagunakeun lembar obsrvasi sarta dilengkepan ku dokuméntasi foto-foto.

Obsérvasi dina panalungtikan kualitatif béda jeung obsérvasi dina panalungtikan kuantitatif. Gall, et all (2002:266-267) ngajéntrékeun aya dua ciri obsérvasi dina panalungtikan obsérvasi, nyaéta: a. obsérvasi dina panalungtikan kualitatif sifatna *émérgént*. Panalungtik bébas pikeun merhatikeun hal-hal anu anu matak ngirut. b. focus obsérvasi sipatna bisa leuwih jero, observer bisa niténan prilaku jeung lingkunganna dumasar kana sakabéh préspéktif. Gunana lembar obsérvasi dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajawab patalékan-patalékan nahe guru ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung anu direncanakeun? Kumaha interaksi antara guru jeung peserta didik dina pangajaran? Kumaha guru ngokolakeun kelas, ngagunakeun métodeu sarta ngagunakeun alat bantu jeung kumaha guru meunteun peserta didik.

Dina ieu panalungtikan, kelas nu diobsérvasi di masing-masing sakola ngan kelas VII *piloting project* SMP Kota Cimahi, sabab matéri dongéng ditepikeun di kelas VII.

Instrumén panalungtikan jeung rubrik anu digunakeun, dimekarkeun dumasar kana *Instrumén Pendampingan Implemémentasi Kurikulum 2013*.

3.4.2.1 Instrumén Panalungtikan Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Pikeun ngagampilkeun panalungtik mikanyaho kamampuh guru dina ngararancang pangajaran, digunakeun instrumén ieu di handap.

Tabél 3.8

Instrumén Pikeun Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Prosés Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

| Aspek anu Diobsérsasi | |
|---|---|
| Kagiatan Bubuka | |
| Apersépsi jeung Motivasi | |
| 1 | Ngondisikan suasana diajar anu pikarespeun |
| 2 | Matalikeun matéri saencanna jeung matéri nu rék ditepikeun |
| 3 | Nepikeun manfaat matéri pangajaran nu rék ditepikeun dina kahirupan sapopoé |
| 4 | Nepikeun gurat badag wengkuan matéri |
| Nepikeun Kompetensi jeung Rarancang Kagiatan | |
| 1 | Nepikeun kompetensi nu rék dihontal |
| 2 | Nepikeun gurat badag kagiatan anu rék dilakonan |
| 3 | Nepikeun wengkuan jeung téknik meunteun nu rék dipaké |

| Kagiatan Inti | |
|---|--|
| Ngawasa Matéri Pangajaran | |
| 1 | Kamampuh nyaluyukeun matéri dengan kompeténsi dasar |
| 2 | Kamampuh matalikeun matéri jeung pangaweruh séjén anu relevan, kamekaran ipték , jeung kahirupan nyata. |
| 3 | Luyu midangkeun bahasan matéri pangajaran |
| Ngalarapkeun Stratégi Pangajaran nu Ngadidik | |
| 1 | Ngalaksanakan pangajaran luyu jeung kompeténsi nu rék dihontal |
| 2 | Midangkeun matéri sacara sistematis |
| 3 | Ngawasa kelas |
| 4 | Ngalaksanakeun pangajaran nu bisa numuwuhkeun partisipasi aktif peserta didik dina ngasongkeun patalékan |
| 5 | Ngalaksanakeun pangajaran anu bisa numuwuhkeun partisipasi aktif peserta didik dina nepikeun pamanggih |
| 6 | Ngalaksanakeun pangajaran nu mekarkeun kaparigelan peserta didik luyu jeung matéri ajar |
| 7 | Ngalaksanakeun pangajaran nu sipatna kontéksstual |
| 8 | Ngalaksanakeun pangajaran nu méré lolongkrang |

| | |
|---|---|
| | tumuwuhna kabiasaan jeung sikap positif (<i>nurturant effect</i>) |
| 9 | Ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung rarancang alokasi waktu nu direncanakeun |

Ngalarapkeun Pamarekan Saintifik

| | |
|---|---|
| 1 | Méré lolongkrang jeung midangkeun kegiatan niténan (<i>mengamati</i>) keur peserta didik |
| 2 | Ngahudang karep peserta didik pikeun nanya, naon, kunaon jeung kumaha |
| 3 | Méré lolongkrang jeung midangkeun kegiatan keur peserta didik ngumpulkeun informasi |
| 4 | Méré lolongkrang jeung midangkeun kegiatan keur peserta didik ngasosiasiakan data jeung informasi nu dikumpulkan |
| 5 | Méré lolongkrang jeung midangkeun kegiatan keur peserta didik ngomunikasikeun pangaweruh jeung kaparigelan anu dikawasana |

Ngamangpaatkeun Sumber Diajar/Média dina Pangajaran

| | |
|---|---|
| 1 | Nuduhkeun kaparigelan dina ngagunakeun média diajar |
| 2 | Nuduhkeun kaparigelan dina ngagunakeun sumber diajar |
| 3 | Ngalibetkeun peserta didik dina ngamangpaatkeun média diajar |
| 4 | Ngalibetkeun peserta didik dina ngamangpaatkeun sumber diajar |

| | |
|---|---|
| 5 | Ngahasilkeun pesen nu ngirut |
| Ngalibetkeun Peserta Didik dina Pangajaran | |
| 1 | Numuwuhkeun partisipasi aktif peserta didik ngaliwatan interaksi guru, peserta didik, sumber diajar |
| 2 | Ngarespon positif partisipasi peserta didik |
| 3 | Nuduhkeun sikep narima kana réspons peserta didik |
| 4 | Numuwuhkeun kabungah jeung karesep peserta didik dina diajar |
| Ngagunakeun Basa nu Bener jeung Luyu dina Pangajaran | |
| 1 | Ngagunakan basa lisan kalayan jelas jeung lancar |
| 2 | Ngagunakan basa tulis nu bener |
| Nutup Pangajaran | |
| 1 | Mére lolongkrang jeung ngaping peserta didik pikeun ngaragum matéri pangajaran |
| 2 | Mére lolongkrang jeung ngaping peserta didik pikeun ngaréfléksi prosés jeung matéri pangajaran |
| 3 | Méré umpan umpan balik kana prosés jeung hasil pangajaran |
| 4 | Ngalakukeun meunteun |

| | |
|---|---|
| 5 | Ngararancang kgiatan lajuning laku |
| 6 | Nepikeun rarancang pangajaran dina lawungan saterusna |

3.4.2.2 Rubrik Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Pikeun ngagampilkeun panalungtik mikanyaho kamampuh guru dina ngalaksanakeun pangajaran, ieu di handap bisa dijieun rubrik meunteun, dumasar kana *Instrumén Pendampingan Kurikulum 2013*.

Tabél 3.9
Rubrik Kamampuh Guru dina Muka Pangajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|---|
| a. Ngalakukeun apersépsi & motivasi | a. ngondisikeun suasana diajar anu pikaresepeun, matalikeun matéri pangajaran nu rék ditepikeun jeung matéri pangajaran anu geus ditepikeun saencanna (kaasup kamampuh prasyarat), nepikeun manfaat matéri pangajaran, jeung nepikeun gurat badag wengkuan matéri |
| b. Nepikeun kompetensi jeung rarancang kgiatan | b. nepikeun kamampuh anu kudu dihontal ku peserta didik, nepikeun gurat badag kgiatan anu rék dilakonan, nepikeun wengkuan jeung téhnik meunteun nu rék dipaké |

Tabé尔 3.10
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngawasa Matéri Pangajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|---|
| a. Kamampuh nyaluyukeun matéri jeung kompeténsi dasar | a. Matéri nu ditepikeun luyu jeung kompeténsi dasar |
| b. Kamampuh matalikeun matéri jeung pangaweruh séjén nu rélévan, kamekaran iptek jeung kahirupan nyata | b. matéri nu ditepikeun dipatalikeun jeung dengan mata pelajaran séjén. Contona ngahubungkeun jenis dongéng sage jeung mata pelajaran sajarah (IPS) |
| c. Luyu midangkeun bahasan matéri pangajaran | c. matéri ajar luyu jeung topik nu dibahas |

Tabé尔 3.11
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngalarapkeun Stratégi Pangajaran nu Ngadidik

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|---|
| a. Ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung kompeténsi nu rék dihontal | a. matéri, stratégi jeung kagiatan diajar luyu jeung kompeténsi nu rék dihontal (kognitif, psikomotor, jeung aféktif) |
| b. Midangkeun runtuyan matéri | b. ngagunakeun stratégi anu luyu jeung matéri sarta dipidangkeun ngaruntuy (ti nu babari ka nu hésé, ti nu samar ka nu nyata) |
| c. Ngawasa kelas | c. kelas kakokolakeun, panitén peserta didik museur kana diajar, jeung disiplin kelas kapiara |
| d. Ngalaksanakeun pangajaran anu sipatna <i>kontekstual</i> | d. matéri ajar ditepikeun luyu jeung kondisi kahirupan nyata jeung aya mangpaatna dina kahirupan peserta didik |
| e. Ngalaksanakeun pangajaran anu méré lolongkrang tumuwuhna kabiasaan positif (<i>nurturant effect</i>) | e. kagiatan diajar bisa ngarojong kabiasaan peserta didik pikeun gawé bareng, silih hargaan, tanggung jawab, mikir kritis, jsb. |
| f. Ngalaksanakeun pangajaran luyu jeung rarancang alokasi waktu | f. pangajaran dimimitian jeung dipungkas luyu jeung alokasi waktu anu disadiakeun |

Tabé1 3.12
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngalarapkeun Pamarekan Saintifik

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|---|
| a.Méré lolongkrang ka peserta didik pikeun ngalaksanakeun kagiatan niténan (<i>mengamati</i>) | a. midangkeun kagiatan diajar sangkan peserta didik bisa ngalakukeun kagiatan niténan contona: maca téks dongéng, ngaregepkeun dongéng, jst |
| b.Ngahudang karep peserta didik sangkan daék nanya, naon, kunaon, jeung kumaha | b. ngagunakeun stratégi sangkan peserta didik wani nanya, naon, kunaon jeung kumaha, boh sacara lisan boh sacara tinulis |
| c.Méré lolongkrang ka peserta didik pikeun ngalaksanakeun kagiatan ngumpulkeun informasi | c. midangkeun kagiatan diajar sangkan peserta didik bisa ngalakukeun kagiatan ngumpulkeun informasi ngaliwatan diskusi, maca buku sumber, jst |
| d.Méré lolongkrang ka peserta didik nalar data jeung infromasi anu dikumpulkeun | d. midangkeun kagiatan diajar sangkan peserta didik bisa ngalakukeun kagiatan nalar data jeung ngumpulkeun infromasi ngaliwatan diskusi, maca buku sumber, jst |
| e.Méré lolongkrang ka peserta didik pikeun ngomunikasikeun pangaweruh jeung kaparigelan anu dikawasana | e. midangkeun kagiatan diajar sangkan peserta didik bisa ngomunikasikeun pangaweruh jeung kaparigelan anu dikawasana. Contona <i>unjuk kerja</i> , nepikeun pamanggih, méré tanggapan, nepikeun hasil diskusi kelompok dihareupeun kelas, jrrd. |

TabéI 3.13

Rubrik Kamampuh Guru dina Ngamangpaatkeun Sumber Diajar/Média Pangajaran

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|--|
| a. Nuduhkeun kaparigelan dina ngagunakeun média pangajaran | a. guru parigel dina ngamangpaatkeun média diajar sarta bisa ngagunakeun media pangajaran (alat laboratorium, TIK, media lainnya) pikeun ngahontal target luyu jeung alokasi waktu |
| b. Nuduhkeun kaparigelan dina ngagunakeun sumber diajar | b. guru parigel dina ngamangpaatkeun lingkungan jeung sumber diajar lainna pikeun ngahontal target luyu jeung alokasi waktu |
| c. Ngalibetkeun peserta didik dina nyieun jeung ngamangpaatakeun media pangajaran | c. peserta didik kalibet dina nyieun jeung ngamangpaatkeun media pangajaran |
| d. Ngalibetkeun peserta didik dina nyieun jeung ngamangpaatakeun sumber diajar | d. peserta didik kalibet dina nyieun jeung ngamangpaatkeun sumber diajar |
| e. Ngahasilkeun pesen anu ngirut | e. Media nu digunakeun bisa museurkeun panitén peserta didik, nepi ka pesen bisa katangkep kalayan jelas |

TabéI 3.14

Rubrik Kamampuh Guru dina Pangajaran nu Méré Lolongkrang jeung Miara Kalibetna Peserta Didik

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|--|
| a. Numuwuhkeun partisipasi aktif peserta didik ngaliwatan interaksi guru, peserta didik, sumber diajar | a. kagiatan diajar nu dilaksanakeun ngrojong interaksi aktif antara guru jeung peserta didik antar peserta didik sacara mental, emosional, ogé fisik |
| b. Ngaréspon positif partisipasi peserta didik | b. guru ngarespon positif kana aktifitas peserta didik (misalna méré pujian, meredih peserta didik |

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|--|
| | séjén pikeun méré tanggapan ka peserta didik nu sejen, negor nu ngalanggar disipilin bari jeung henteu nyinggung harga diri nu ditegor, jsb) |
| c. Nunjukkeun sikep narima kana respons peserta didik | c. guru ngahargaan pamanggih peserta didik, ngaku kana bebeneran jeung ngaku kana kawatesanan diri peserta didik |
| e. Numuwuhkeun kabungah jeung antusisme peserta didik dina diajar | d. suasana diajar anu pikaresepeun |

Tabé1 3.15
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngagunakeun Basa

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|---|--|
| a. Ngagunakeun basa lisan sacara jelas jeung lancar | a. Basa lisan nu digunakeun guru, babari, jelas jeung teu nimbulkeun salah tafsir, sarta bisa dipikaharti ku peserta didik, luyu jeung tingkat kamekarannana. |
| b. Ngagunakeun basa tulis anu bener jeung hadé. | b. Basa tulisan anu digunakeun (misalna dina RPP, soal jeung modul) luyu jeung palanggeran, babari, jelas, jeung teu nimbulkeun harti ganda/salah tafsir, bisa dipikaharti ku peserta didik, luyu jeung tingkat kamekarannana. |

Tabé1 3.16
Rubrik Kamampuh Guru dina Mungkas Pangajaran Kalayan Éfektif

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|---|
| a. Méré lolongkrang jeung ngaping peserta didik pikeun ngaragum matéri pangajaran | a. guru ngajak peserta didik pikeun nginget-nginget deui hal-hal penting nu patali jeung matéri anu ditepikeun jeung méré luang ka peserta didik pikeun nyieun raguman |
| b. Méré lolongkrang jeung ngaping peserta didik pikeun ngaréfléksi prosés jeung matéri pangajaran | b. guru ngajak peserta didik pikeun nginget-nginget deui hal-hal penting anu geus kajadian dina kagiatan diajar (misalna nepikeun patalekan ngeunaan prosés, matéri jeung kajadian séjénna) |
| c. Ngalakukeun meunteun | c. guru ngalaksanakeun kagiatan meunteun, boh meunteun sikep, pangaweruh, boh meunteun kaparigelan |
| d. Ngalaksanakeun tindak lanjut ku méré arahan, atawa kagiatan, atawa pancén anu mangrupa bagian tina remidi/pengayaan | d. méré kagiatan/tugas husus ka peserta didik anu encan jeung geus ngahontal kompeténsi (misalna dina wangun latihan, bantuan diajar, tugas khusus jadi tutor sebaya, jsb) |
| e. Nepikeun rarancang pangajaran dina pertemuan satulunya | e. guru nepikeun rarancang kagiatan pangajaran dina pertemuan satulunya |

3.4.3 Instrumén & Rubrik Panalungtikan Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngararancang jeung Meunteun Hasil Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Pikeun mikaweruh kamampuh guru dina ngalaksanakeun meunteun pangajaran matéri dongéng dumasar kana Kurikulum 2013, digunakeun téhnik studi dokuméntasi jeung obsérvasi.

3.4.3.1 Instrumén Panalungtikan Pikeun Mikaweruh Kamampuh Guru dina Meunteun Hasil Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Dumasar kana *Instrumén Pendampingan Kurikulum 2013*, dina ngararancang meunteun aya 5 indikator, dina ngalaksanakeun meunteun hasil diajar peserta didik aya 3 indikator. Péréléanna bisa katitétan dina tabél ieu di handap.

**Tabél 3.17
Instrumén Kamampuh Guru dina Ngararancang Meunteun**

| Rarancang Meunteun | |
|---------------------------|---|
| 1. | Luyu jeung teknik meunteun Auténtik |
| 2. | Luyu jeung instrumén meunteun Auténtik |
| 3 | Soal luyu jeung indikator keur ngahontal kompeténsi |
| 4. | Konci jawaban luyu jeung soal |
| 5. | Pedoman skor luyu jeung soal |

**Tabél 3.18
Instrumén Kamampuh Guru dina Meunteun Hasil Prosés Diajar**

| Ngalaksanakeun Kagiatan Meunteun Auténtik | |
|--|-------------------------------------|
| 1 | Ngalaksanakeun meunteun sikep |
| 2 | Ngalaksanakeun meunteun pangaweruh |
| 3 | Ngalaksanakeun meunteun kaparigelan |

3.4.3.2 Rubrik Panalungtikan Pikeun Mikaweruh Kamampuh Guru dina Ngararancang jeung Meunteun Pangajaran Matéri Dongéng dumasar kana Kurikulum 2013

Pikeun ngagampilkeun panalungtik mikanyaho kamampuh guru dina ngararancang jeung meunteun hasil pangajaran, ieu di handap bisa dijieun rubrik meunteunna.

Tabé1 3.19
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngararancang Kagiatan Meunteun

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|---|
| a. Luyu jeung téhnik meunteun auténtik | a. Ngararancang ngagunakeun téhnik meunteun auténtik (kuis, pertanyaan lisan, méré pancén, jsb.) pikeun niténan kamajuan diajar peserta didik. |
| b. Luyu jeung instrumén meunteun auténtik | b. Instrumén nu kaunggel dina RPP ngawengku instrumén meunteun auténtik, anu ngawengku instrumén meunteun sikep spiritual, sikep sosial, pangaweruh, jeung kaparigelan. |
| c. Soal luyu jeung indikator keur ngahontal kompeténsi | c. Soal anu disusun luyu jeung kompeténsi anu rék dihontal, ogé matéri ajar sakumaha anu disusun dina RPP |
| c. Konci jawaban luyu jeung soal | d. Soal anu disusun, lengkep, luyu jeung konci jawaban |
| e. Palanggeran skor luyu jeung soal | e. Palanggeran skor anu disusun luyu jeung soal |

Tabé1 3.20
Rubrik Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Meunteun Auténtik

| A S P É K | RUBRIK MEUNTEUN |
|--|---|
| a. Ngalaksanakeun meunteun sikep | a. naha salila prosés pangajaran guru ngalaksanakeu meunteun sikep ku cara ngagunakeun rupa-rupa téknik meunteun (<i>misalna ku obsérsasi, penilaian diri atawa penilaian antar teman</i>) |
| f. Ngalaksanakeun meunteun pangaweruh | b. naha dina prosés jeung diahir pangajaran guru ngalaksanakan aktifitas meunteun pangaweruh pikeun ngukur hasil diajar ngagunakeun rupa-rupa téknik meunteun (<i>misalna ulangan tinulis, tés lisan</i>) |
| g. Ngalaksanakeun meunteun kaparigelan | c. naha dina prosés jeung diahir pangajaran guru ngalaksanakan aktifitas meunteun kaparigelan pikeun ngukur hasil diajar ngagunakeun rupa-rupa téknik meunteun (<i>misalna unjuk kerja, tés lisan, tés prakték</i>) |

3.5 Analisis Data

Hal anu dianalisis dina ieu panalungtikan ngawengku kamampuh guru dina ngararancang, ngalaksanakeun prosés pangajaran, jeung meunteun. Data dianalisis ngaliwatan analisis kualitatif, anu prak-prakanana data langsung dianalisis henteu nungguan heula sakabéh data ngumpul. Miles & Huberman (Sugiyono, 2006:401) ngajéntrékeun yén analisis data kualitatif dilakukeun sacara interaktif ngaliwatan prosés *réduction, display, jeung vérification* kana data, anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- a. *Data reduction* atawa reduksi data mangrupa prosés ngumpulkeun, ngarangkum, milah-milah data nu pokok, ti mimiti rarancang pangajaran,

prosés pangajaran nepi ka meunteun pangajaran. Ku kituna, ieu data bisa dijadikeun déskripsi nu lengkep.

- b. *Data display* atawa ngadéskripsikeun data nyaéta ngumpulkeun jeung nyusun data ngaliwatan pola hubungan nu gampang dipikapaham. Dina ngadéskripsikeun data ngaliwatan *coding*. *Coding* nyaéta ngumpulkeun jeung milah-milah data kalawan lengkep. *Coding* data boga tujuan milah-milah data dumasar jenis jeung sumberna.
- c. *Conclusion verifying* nyaéta nyindekkeun jeung *verifikasi* dumasar pola nu aya dina *fenomena* nu nyampak dina ngalarapkeun Kurikulum 2013 basa Sunda.

Prosés nganalisis data anu sumberna tina hasil studi dokuméntasi jeung obsérvasi, ngagunakeun tabél saperti ieu di handap.

3.5.1 Analisis Data Kamampuh Guru dina Ngararancang Pangajaran

Tahap analisis data kamampuh guru ngararancang pangajaran ngagunakeun format ieu di handap.

Tabél 3.21
Analisis Data Kamampuh Guru dina Ngararancang Pangajaran

| No | Komponen Rencana Pelaksanaan Pembelajaran | Hasil Nalaah jeung Skor | | | Catetan |
|-------------|---|-------------------------|----------------|--------------|---------|
| | | 1 | 2 | 3 | |
| | | Euweuh | Kurang Lengkep | Geus Lengkep | |
| | | | | | |
| | | Henteu Luyu | Luyu Sawaréh | Luyu Kabéh | |
| | | | | | |
| Jumlah Skor | | | | | |

Komentar/rekomendasi kana prosés pangajaran sacara umum:

.....

Léngkah-léngkah ngolah datana nyaéta:

1. Méré peunteun dina ungal komponen RPP ku cara méré tanda cek (✓) dina kolom pilihan (**skor= 1**), (**skor=2**), atawa (**skor= 3**) luyu jeung panitén kana RPP nu ditalaah
2. Nyieun catetan husus kana RPP
3. Saréngséna meunteun, itung jumlah skor
4. Tangtukeun peunteun ngagunakeun rumus :

| Rumus nangtukeun peunteun prosés pangajaran |
|--|
| $\text{peunteun} = \frac{\text{Jumlah Skor}}{75} \times 100\%$ |

| PREDIKAT | PEUNTEUN |
|------------------|--------------------|
| Alus Pisan (AP) | $90 < AP \leq 100$ |
| Alus (A) | $80 < A \leq 90$ |
| Cukup (C) | $70 < C \leq 80$ |
| Kurang (K) | ≤ 70 |

Diropéa tina : Modul Pelatihan TPK Prov Jawa Barat

3.5.2 Analisis Data Kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Prosés Pangajaran

Tahap analisis data kamampuh guru dina ngalaksanakeun prosés pangajaran ngaliwatan léngkah-léngkah:

1. Niténan format meunteun ngalaksanakeun prosés pangajaran ieu di handap.

Tabé1 3.22
Analisis Data kamampuh Guru dina Ngalaksanakeun Prosés Pangajaran

| Aspék anu Diobservasi | AYA | HENTEU | Catetan |
|-----------------------|-----|--------|---------|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| Jumlah | | | |

Komentar/rekomendasi kana prosés pangajaran sacara umum:

.....

2. Méré tanda cek (✓) dina kolom pilihan *aya* atawa *henteu* luyu jeung panitén kana prosés pangajaran
3. Nyieun catetan husus kana prosés pangajaran
4. Saréngséna meunteun, itung jumlah peunteun *aya* jeung *henteu*
5. Tangtukeun peunteun ngagunakeun rumus :

| Rumus nangtukeun peunteun prosés pangajaran |
|---|
| $\text{peunteun} = \frac{\text{Jumlah AYA}}{44} \times 100\%$ |

| PRÉDIKAT | PEUNTEUN |
|------------------|--------------------|
| Alus Pisan (AP) | $90 < AP \leq 100$ |
| Alus (A) | $80 < A \leq 90$ |
| Cukup (C) | $70 < C \leq 80$ |
| Kurang (K) | ≤ 70 |

Diropéa tina : Modul Pelatihan TPK Prov Jawa Barat

3.5.3 Analisis Data kamampuh Guru dina Meunteun Hasil Pangajaran

Tahap analisis data kamampuh guru dina ngalaksanakeun meunteun hasil pangajaran ngaliwatan léngkah-léngkah:

1. Niténan format ngalaksanakeun meunteun hasil pangajaran ieu di handap.

Tabé1 3.23
Analisis Data kamampuh Guru dina Meunteun Pangajaran

| No | Komponen Meunteun Pangajaran | Hasil Nalaah jeung Skor | | | Catetan |
|-------------|------------------------------|-------------------------|--------------|------------|---------|
| | | 1 | 2 | 3 | |
| | | Henteu Luyu | Luyu Sawaréh | Luyu Kabéh | |
| | | | | | |
| | | | | | |
| Jumlah Skor | | | | | |

2. Méré tanda (✓) dina kolom *aya* atawa *henteu* kana unggal-unggal indikator
3. Méré catetan kana dokumén meunteun anu diobsérvasi
4. Ngitung jumlah *aya* jeung *henteu*
5. Tangtukeun peunteun make rumus:

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{Skor anu kacangkem}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100\%$$

| PERINGKAT | PEUNTEUN |
|-----------------|-------------|
| ALUS PISAN (AP) | 86% - 100% |
| ALUS (A) | 70% - 85% |
| CUKUP (C) | 55% - 69 % |
| KURANG (K) | $\leq 55\%$ |

Diropéa tina : Supervisi Manajerial dan Supervisi Akademik kaca 41

